

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar hasil analisis kualitas RPP basa Sunda nu disusun ku guru dumasar implementasi Kurikulum 2013 révisi 2017 bisa dicindekeun saperti ieu di handap:

- 1) Komponen RPP Pangajaran Basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran dumasar Implementasi Kurikulum Daerah 2013 révisi 2017 umumna geus lengkep. Tina tujuh RPP sarta tina tilu belas komponen RPP anu ditalungtik aya hiji RPP anu komponenna kurang lengkep, nyaeta aya dina RPP dua, sabab teu nyantumkeun komponen materi poko.
- 2) Kualitas RPP Pangajaran Basa Sunda Tingkat SMA/SMK/MA Sa-Kecamatan Langkaplancar Kabupaten Pangandaran dumasar Implementasi Kurikulum Daerah 2013 révisi 2017 lolobana geus alus, dilengkepan ku komponén utama jeung lampiran nu ngadukung. Ngan aya kénéh sababraha RPP basa Sunda anu teu lengkep sacara gembheng. Hartina kualitas RPP basa Sunda nu disusun ku guru lolobana geus alus. Hasil analisis kualitas guru basa Sunda dina nyusun RPP dumasar impleméntasi Kurikulum 2013 révisi 2017 diwincik saperti ieu di handap.
  - a. Kalengkepan Idéntitas RPP. Hasil analisis kualitas RPP basa Sunda nu disusun ku guru dumasar impleméntasi Kurikulum 2013 révisi 2017 ngeunaan lengkepna idéntitas RPP nu disusun ku guru umumna geus lengkep. Saperti ayana satuan pendidikan, mata pelajaran, kelas/seméster, matéri poko, jeung alokasi waktu. Tina tujuh RPP, ngan aya hiji RPP anu teu nyantumkeun materi poko.
  - b. Saluyuna Kompeténsi Inti (KI) jeung Kompeténsi Dasar (KD). Hasil analisis saluyuna Kompeténsi Inti (KI) jeung Kompeténsi Dasar (KD) niléy rata-rata 3. Hartina kualitas RPP nu disusun ku guru basa Sunda dina nyusun KI jeung KD geus luyu jeung KI-KD mata pelajaran basa Sunda nu aya dina Perméndikbud No. 24 Taun 2016.

Lisna Yulia Herliani, 2021

**IMPLEMÉNTASI KURIKULUM DAÉRAH 2013 RÉVISI 2017 PANGAJARAN BASA SUNDA DINA NYUSUN RPP SA-KECAMATAN LANGKAPLANCAR KABUPATEN PANGANDARAN TINGKAT SMA/SMK/MA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- c. Saluyuna Rumusan Indikator. Hasil analisis ngeunaan indikator kualitas RPP basa Sunda nu disusun ku guru dumasar impleméntasi Kurikulum 2013 révisi 2017 ngeunaan rumusan indikator, bisa dicindekkeun yén rumusan indikator pembelajaran nu aya dina RPP geus luyu sabagian, lantaran teu nyantumkeun sacara jelas indikator pangaweruh sarta aya kénéh anu teu sinkron antara indikator jung kompetensi dasar.
- d. Saluyuna Rumusan Tujuan Pembelajaran. Hasil analisis ngeunaan saluyuna komponén rumusan tujuan pembelajaran geus luyu sabagian, sabab aya sababaraha RPP anu masih keneh acan luyu dina ngarumuskeun tujuan jeung KD, tujuan jeung indikator sarta dina ngarumuskeun tujuan jeung aspek Audience, Behavior, Condition, jeung Degree-na.
- e. Saluyuna Matéri Ajar. Hasil analisis kualitas RPP basa Sunda dumasar impleméntasi Kurikulum 2013 révisi 2017 ngeunaan saluyuna matéri ajar bisa dicindekkeun yén milihan bahan ajar dina RPP jeung tujuan pembelajaran luyu sabagian, lantaran dina milih materi ajar kurang saluyu jeung kompetensi dasar, tujuan pangajaran, sarta karakter peserta didik.
- f. Kualitas nangtukeun Sumber Belajar. Hasil analisis kualitas RPP basa Sunda dumasar impleméntasi Kurikulum 2013 révisi 2017 ngeunaan saluyuna sumber diajar masih aya RPP nu kurang saluyu jeung katangtuan, lantaran teu nyantumkeun pangarang jeung taun medal bukuna, sarta dina sumber diajar siswana teu dilengkepan ku LKPD sarta bahan ajar.
- g. Saluyuna Média Pembelajaran. Hasil analisis kualitas RPP basa Sunda dumasar implementasi Kurikulum 2013 revisi 2017 ngeunaan kasaluyuan media pangajaran pangajaran kagolong luyu sabagian, lantaran aya dua RPP anu kurang luyu antara media jeung karakteristik peserta didikna.
- h. Saluyuna Modél Pangajaran. Hasil analisis kualitas RPP Basa Sunda dumasar impleméntasi Kurikulum 2013 révisi 2017 ngeunaan

saluyuna modél pangajaran kagolong geus luyu dina ngagunakeun model sangkan peserta didik leuwih aktif jeung mikir kritis. Model pangajaran nu digunakeun rupa-rupa disaluyukeun jeung tujuan pangajaran, karakteristik materi oge peserta didik sarta model pangajaran anu berbasis masalah.

- i. Kasaluyuan Méthode Pangajaran. Hasil analisis kualitas RPP basa Sunda dumasar implementasi Kurikulum 2013 revisi 2017 ngeunaan kasaluyuan metode pangajaran geus saluyu jeung tujuan pangajaran sarta karakteristik materi pangajaran.
- j. Kasaluyuan Kagiatan Pangajaran. Hasil analisis kualitas RPP Bahasa Sunda dumasar implementasi Kurikulum 2013 revisi 2017 geus luyu sabagian, lantaran masih aya kakurangan dina hal pamarekan saintifikna.
- k. Kasaluyuan Rarancang Penilaian Pangajaran jeung Instrument Penilaian. Hasil analisis kualitas RPP basa Sunda dumasar implementasi Kurikulum 2013 revisi 2017 kagolong kurang luyu/luyu sabagian, lantaran aya aspék kasaluyuan wangun téhnik jeung instrumen kana indikator pencapaian kompetensi, pangaweruh, jeung kaparigelan meunang niléi rata-ratana kurang.

## 5.2 Saran

Dumasar kacindekan ngeunaan kualitas guru basa Sunda dina nyusun RPP mata pelajaran basa Sunda dumasar implementasi Kurikulum 2013 revisi 2017 aya saran saperti ieu di handap:

1. Pikeun guru basa Sunda hal nu kudu diperhatikeun dina nyusun RPP nyaéta dina ngarumuskeun indikator pencapaian kompetensi jeung nyusun rarancang pangajaran.
2. Pikeun guru basa Sunda kuduna geus biasa dina ngembangkeun RPP sarta RPP dipiharep unggal taun ajaran anyar dilakukeun perbaikan luyu jeung prinsip-prinsip ngembangkeun RPP sangkan RPP nu dijieun luyu jeung udagan pangajaran.

3. Modél RPP basa Sunda dipiharep bisa dijadikeun conto dina nyusun RPP.
4. Pedoman RPP basa Sunda bisa dijadikeun acuan dina nyusun RPP.
5. Pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan sakuduna diteleban deui ku cara nambahan sumber data panalungtikan sangkan hasil nu dihontal leuwih maksimal.